



## ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU "ALIMANTE NEW YORK" LÈ Y'AP ÒGANIZE YON AKTIVITE DON MANJE CHARITAB PANDAN MOUN NAN MACHIN YO POU BAY MANJE NAN KOMINOTE YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

28 avril 2020

Yo te kreye enstwiksyon pwovizwa sa yo pou sila yo ki enterese kreye yon aktivite manje charitab pandan moun rete nan machin yo an repons a eta ijans sante piblik pou COVID-19 la. Moun ki ap chèche itilize enstwiksyon pwovizwa sa a ka fè sa imedyatman epi yo ta dwe swiv tout pratik ak kondisyon ki aplikab epi ki mansyone anba la yo. Moun ki enterese kreye yon aktivite manje charitab pandan moun rete nan machin yo pa bezwen kontakte Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets, AGM) oswa Depatman Sante a (Department of Health, DOH) pou ka jwenn otorizasyon anvan yo sèvi ak enstwiksyon sa a. Enstwiksyon sa a pa anile, ranplase, oswa kouvri aktivite ke bank alimantè oswa antite asosye yo ap fè nan moman an.

### Operatè yo

Nenpòt moun ki enplike nan aktivite manje pandan moun rete nan machin yo dwe kenbe bon jan ijyèn pou men ak ijyèn respiratwa lè yo ap adere a sa nou pral site la yo:

- Pa patisipe si ou malad.
- Lave men nou souvan ak dlo ak savon, pandan omwen 20 segonn. Si pa gen dlo ak savon ki disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl, kouvri tou pati nan men nou epi fwote yo ansanm jiskaske yo sèch.
- Evite manyen zye, nen ak bouch nou.
- Mete yon mask ki kouvri figi nou ak gan ki swiv enstwiksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak DOH yo.
- Evite kontak tout pre ak lòt moun lè nou ap kenbe yon distans omwen 6 pye youn de lòt.

Lè nou konsidere ijans sante piblik pou COVID-19 ki ap kontinye a ak nan tout anplè ki aplikab yo, antite ki swete itilize enstwiksyon sa a ta dwe pran mezi rezonab pou ka ogmante distans sosyal epi redwi dansite moun ki rasanble yo nan nenpòt kote.

Operatè aktivite yo ta dwe òganize pwodwi alimantè yo, anvan aktivite a, pou ka redwi tan ekspozisyon yo a popilasyon an. Pou ka redwi kantite tan ke moun yo dwe rete tann nan liy yo epi redwi abouteyaj nan sikilasyon global, operatè yo ta dwe òganize manje yo pa kategori: sou etajè, nan frijidè, nan frizè epi mete manje yo nan bwat oswa nan sachè. Aktivite a ta dwe fèt kote ki pa gen lòt aktivite. Aktivite a pa ta dwe deranje oswa bloke trafik sikilasyon an.

Pou ede evite pwopagasyon COVID-19, pwosedi ak apwovizyonman yo ta dwe an plas epi disponib pou ankouraje bon jan ijyèn pou men ak ijyèn respiratwa, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon regilye espas ki danjere anpil yo (pa egzanp, twalèt, antre, soti, pwèn don/tranzaksyon yo, elatriye). Ta dwe gen pwosedi ki an plas tou pou dezenfekte kote moun manyen souvan yo pandan jounen an.

### Pwodwi Alimantè yo

Tout pwodwi alimantè ke yo pral distribiye yo dwe gratis epi ranpli kondisyon nou pral site la yo:

- Soti nan yon sous ki apwouve (etablisman ki te jwenn lisans/pèmi nan men Depatman Agrikilti ak Mache yo, ki te anrejistre nan Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA), ki te enspekte pa Depatman Agrikilti Ameriken an (United States Department of Agriculture, USDA) oswa ki te jwenn pèmi nan men depatman sante lokal oswa eta a)
- Byen transpòte yo nan kondisyon ki pwòp epi ki bon pou sante.

- Byen konsève yo nan veyikil ki fèmen lè pa gen moun ladan yo pou evite posibilite kontaminasyon.
- Byen konsève yo yon fason ki bon pou sante.
- San adilteran/kontaminan yo.
- Byen anbale pou ke pake a ka fèmen epi entak. Yo pa pèmèt ranpli veso, ja, boutèy, elatriye, pou moun pote lakay yo.
- Byen etikete konfòmman a kondisyon lokal, eta, oswa federal yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon etiketaj manje ki anbale yo, ale sou <https://agriculture.ny.gov/food-safety/food-labeling>.
- Byen pwoteje yo kont kontaminasyon ak lòt atik yo, sa vle di, nou dwe kenbe manje ki kri ak manje ki tou pare yo separe.
- Byen konsève yo:
  - Pou manje ki bezwen rete nan frijidè yo nou dwe toujou konsève yo nan yon tanperati 41°F oswa pi piti ke sa.
  - Manje ki nan frizè yo dwe toujou rete nan frizè yo.

Manje ke yo pa ka distribye apati enstwiksyon sa a gen pami yo:

- Lèt kri.
- Manje ki pa anbale epi/oswa ki pa byen etikete yo.
- Manje ki te ekspire yo.
- Manje ki pa't nan lè kondisyon oswa ki kraze nenpòt jan yo.
- Kanèt ki andomaje ki gen mak ak ranfleman yo.
- Manje ke yo fè adomisil yo.

### **Patisipan yo**

Moun ki ap patisipe nan aktivite manje pandan moun rete nan machin yo ta dwe toujou rete nan machin yo epi sonje pratike distans sosyal, mete yon mask si yo a mwens ke sis pye youn de lòt, epi aplike règ sekirite sikilasyon ki apwopriye yo.

Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18](#). Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 Ki Mande Moun Mete Mask pou Kouvri Figi yo Lè Yo An Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 17 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Orders 202.17 and 202.18 Requiring Face Coverings in Public During the COVID-19 Outbreak, April 17, 2020\)](#).

An plis, konpayi travay yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.16](#). Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Ki Ap Fè Entèraksyon ak Popilasyon an Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 14 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Order 202.16 Requiring Face Coverings for Public and Private Employees Interacting with the Public During the COVID-19 Outbreak, April 14, 2020\)](#).

### **Resous Adisyonèl**

New York State Department of Health COVID-19 Website

<https://coronavirus.health.ny.gov/home>

New York State Department of Agriculture and Markets COVID-19 Website

<https://agriculture.ny.gov/coronavirus>

United States Centers for Disease Control and Prevention COVID-19 Website

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>